

YO METE MNYÈL POU MANM OU AJOU POU ENKLI ENFÒMASYON SIPLEMANTE SOU REZO SÈVIS SOSYAL.

Apati **1ye janvye 2025**, ou ka resevwa evalyasyon ak referans pou sèvis lokal, eta ak federal ki egziste deja atravè Rezo Swen Sosyal rejyonal yo (SCN yo). Si ou elijib, gwoup lokal sa yo kapab konekte ou avèk sèvis nan kominote w la ki ede avèk lojman, transpò, edikasyon, travay, ak jesyon swen gratis pou ou.

- Apre ou fin fè yon depistaj nan SCN sa a, oumenm ak nenpòt manm ki enterese nan kay ou kapab rankontre avèk yon Navigatè Social Care ki kapab konfime kalifikasyon pou sèvis yo ki kapab ede avèk sante e byennèt endividyèl. Yo ka mande ou oswa manm ki lakay ou yo dokiman apwi pou detèmine ki kote sipò siplemantè kapab bezwen.
- Si oumenm oswa nenpòt manm (yo) ki nan kay ou kalifye pou sèvis yo, Social Care Navigator kapab travay avèk ou pou jwenn sipò ki nesèsè. Ou kapab kalifye pou plis pase yon sèvis, selon kalifikasyon chak moun. Sèvis sa yo enkli:
 - Sipò pou lojman ak sèvis piblik:
 - Enstale modifikasyon nan kay tankou ranp, balistrad, ba pou apwiye, chemen, ouvèti pòt elektrik, elajisman pòt, manch pou pòt ak kabinè yo, akseswa twalèt, kabinè kwizin oswa evye, ak sifas ki pa glise pou fè kay ou aksesib e san danje.
 - Sèvis pou retire mwazi, pou kontwòl ensèk nuizib, ak pou remèdye opresyon
 - Bay yon klimatisè, aparèy chofaj, imidifyè, oswa dezimidifyè pou ede amelyore vantilasyon lakay ou.
 - Bay ti inite frijidè ki nesèsè pou tretman medikal.
 - Ede ou jwenn e ranpli aplikasyon pou lojman sekirize e estab nan kominote a ki kapab enkli asistans pou peye lwaye ak sèvis piblik.

NÒT: Plan ou ka kouvri kèk sèvis lojman. Kidonk, gen kèk sèvis lojman ki pral mande yon kowòdinasyon ant Navigatè Social Care Navigatè a ak manadjè swen plan sante ou a.

- Sèvis transpò:
 - Ede w jwenn aksè nan transpò piblik oswa prive nan kote SCN apwouve yo tankou al nan yon entèvyou travay, semènè pou paran, tribinal lojman pou anpeche degèpisman, mache kiltivatè lokal yo, ak biwo depatman vil oswa eta a pou jwenn dokiman enpòtan.

Ekip Swen ou a
1-888-867-6555 (TTY: 711)
Lendi – Vandredi, 9 am – 5 pm

- Sèvis jesyon swen:
 - Jwenn èd avèk chèche travay oswa pwogram fòmasyon pwofesyonèl, aplike pou avantaj piblik yo, jere finans ou, e plis ankò.
 - Konekte avèk sèvis tankou gadri, konsèye, entèvansyon nan kriz, pwogram mezon sante, ak plis toujou.

Antre an kontak avèk yon SCN nan zòn ou an:

1. Ou ka rele nou nan 1-888-867-6555 (TTY: 711) epi nou pral konekte ou avèk yon SCN nan zòn ou an.
2. Ou ka rele SCN ki andedan konte w la epi mande yon depistaj oswa plis enfòmasyon. Gade enfòmasyon kontak SCN nan tablo ki anba a.
3. Ou ka vizite sitwèb yo tou pou w kòmanse yon depistaj poukont ou.

Depi w konekte avèk SCN, yon Navigatè Sosyal Care pral konfime kalifikasyon ou nan poze kesyon, mande dokiman apwi (si sa nesesè), ba w plis enfòmasyon sou sèvis ki elijib yo, epi ede w konekte avèk yo.

SCN	Konte yo	Nimewo Telefòn
Solisyon Sante Piblik yo	Manhattan, Queens, Brooklyn	888-755-5045
	https://www.wholeyou.nyc/	
Health Equity Alliance of Long Island	Nassau, Suffolk	516-505-4434
	https://healiny.org/	
Somos Healthcare Providers, Inc.	Bronx	833-SOMOSNY (833-766-6769)
	https://www.somoscommunitycare.org/social-care-network/	
Staten Island Performing Provider System	Richmond	917-830-1140
	https://statenislandpps.org/social-care-network/	

SCN	Konte yo	Nimewo Telefòn
Hudson Valley Care Coalition, Inc.	Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster, Westchester	800-768-5080
	https://hudsonvalleycare.org/services/hudson-valleys-social-care-network/	
Healthy Alliance Foundation Inc.	Albany, Columbia, Greene, Rensselaer, Montgomery, Saratoga, Schenectady, Schoharie	518-520-3211
	Cortland, Herkimer, Madison, Oneida, Onondaga, Oswego	315-505-2290
	Fulton, Warren, Washington	518-656-8312
	https://www.healthyalliance.org/member/	
Forward Leading IPA	Allegany, Cayuga, Chemung, Genesee, Livingston, Monroe, Ontario, Orleans, Schuyler, Seneca, Steuben, Wayne, Wyoming, Yates	315-264-9991
	https://forwardleadingipa.org/welinkcare	
Care Compass Collaborative	Broome, Chenango, Delaware, Otsego, Tioga, Tompkins	607-352-5264
	https://carecompasscollaborative.org/social-care-network/	
Western New York Integrated Care Collaborative Inc.	Cattaraugus, Chautauqua, Erie, Niagara	716-431-5100
	https://wnyscn.org/	